


# Manyèl pou Paran yo



sou chwa karyè  
pwofesyonèl

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Kontni

Paran yo fè yon diferans!.....	1
Eksplorasyon karyè yo, men poukisa?.....	2
Mete aksan sou sa ki pozitif .....	3
Kouman pou w rive pran desizyon anbrase yon karyè.....	4
Mendèv ak chanjman kote moun ap travay.....	6
Chanjman nan kondisyon pou edikasyon.....	6
Chanjman nan kondisyon pou aprann yon metye .....	7
Djòb yo pi bezwen nan Florid .....	8
Kouman pitit ou ap pare pou fè faskare ak lye travay sa a k ap sibi chanjman?.....	10
Lavi aprè lekòl segondè.....	10
Opsyon edikatif.....	11
Opsyon pou gradyasyon nan lekòl segondè .....	12
Koumanse jwenn kredi bonè pou antre nan kolèj .....	13
Jan paran an wè èd finansye.....	13
Mit sou èd finansye.....	14
Tip èd finansye .....	14
Tan se tout bagay .....	15
Zouti pou chèche èd finansye.....	15
Kesyon yo toujou ap poze .....	16
Espesyalman pou jenn moun ki gen bezwen espesyal .....	19
Lis paran an – Yon douzèn bagay ou te dwe fè! .....	21

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Paran yo fè yon diferans!

Rechèch ki te fèt 20 ane pase yo montre paran jwe yon wòl total kapital nan dezisyon ptit gason yo ak pitit fi yo ap pran lè yo gen pou anbrase yon karyè. Genyen anpil resous tankou gid sa a ki founi enfòmasyon paran yo bezwen pou ede ptit yo avèk edikasyon ak karyè y ap chwazi pou lavni. Paran yo gen enfliyans pandan peryòd anfans timoun yo. Ou kab pa menm rann ou kont tout fason ou kontribye nan ede ptit ou chwazi yon karyè byen bonè.

Pisouvan, paran yo se premye sous ankourajman ak atitud pou timoun yo rive travay byen.

- Yo toujou asosye teknik pran desizyon anbrase yon karyè avèk eksperyans anfans timoun yo, atitud paran yo ak pratik ki konsène karyè ak egzanz manman ak papa trase.
- Eksperyans ak sipò paran yo kontribye anpil nan ede timoun yo gen matirite pou pran desizyon anbrase yon karyè.

Mande timoun yo ki sa yo vle fè lè yo gran? Sa w ap pi tande yo reponn se doktè, avoka, foutbolè, pwofesyonèl, modèl, aktè, chantè "rock and roll" elatriye. Toutotan timoun nan pi jenn se konsa chwa li fè a kab pa reyalis. Nan pifò ka, yo pa konnen sa pwofesyon sa yo enplike, men se sèlman kèk aspè ki enterese yo, pa plis pa mwens.




## Eksplorasyon karyè, men poukisa?

Anjeneral, premye plan yon jenn moun pou chwazi yon karyè pa janm fin byen chapante, ni reyalis, ni sanble ap reyisi. Se la a eksplorasyon yon karyè gen plas li.

- **Eksplorasyon karyè wè bagay yo jan yo ye.** Sa ede yo eksploré pwofesyon yo ak konnen kayedechaj ak kondisyon travay yo.
- **Eksplorasyon karyè elaji orizon pitit ou.** Konbyen pwofesyon pitit ou a kab mete sou lis ak dekri? Eksplorasyon karyè ekspoze timoun yo devan pwofesyon yo pa t menm konnen si yo te janm egziste
- **Eksplorasyon karyè ekonomize tan ak lajan.** Lè jenn moun yo chwazi edikasyon ak fòmasyon ki cadre kapasite yo, gen mwens chans pou yo chanje "majors" (matyè yo pi renmen yo) ak plis chans pou yo fin fè etid yo. Gen zòt ki kab chwazi domèn ki vin pa ni enterese ni motive yo kou yo koumanse travay.

Lekòl eseye satisfè bezwen karyè elèv yo, men anpil fwa, konseye pedagojik ak pwofesè lekòl yo pa gen tan oswa resous pou trete kesyon karyè a sou yon baz endividyèl. Men ki kote ou kapab entèveni ak aji tankou yon konseye pou kesyon karyè a. Ou kab santi w pa enfòme nan pwosesis la ak enkapab pou bay pitit ou ankadreman li bezwen. Piblikasyon sa a ap ede konprann pi byen sa k ap pase nan mache travay la ak kouman ou kab ede timoun yo fè pi bon chwa kon-sènan avni yo.



## Mete aksan sou sa ki pozitif la

Èske timoun ou yo chèche pran konsèy nan men w epi koute byen sa w ap di yo pandan w ap fè efò pou w ede yo? Petèt non! Tout paran ta vle ptit yo reyisi epi mennen yon lavi ki pibon pase lavi pa yo. Se toutafè nòmal pou paran yo vle enflyanse avni ptit yo. Itilize sigjesyon sa yo pou ede ptit ou planifye avni. Sonje se avni ptit ou! Se wòl ou pou w separe sa w anvi pou ptit ou ak sa ptit ou vle. Ede yo reyalize pwòp rèv pa yo.

- **Atitud ou konte anpil! Rete pozitif!** Lye travay yo jodi a ap chanje anpil opwen pou ta fè ptit ou pè. Pa fè pase a sanble yon bagay ki san pou san bon epi avni an yon bagay efreyan. Konesans se pouvwa. Kidonk, ankouraje ptit ou pou l ranmase kantite enfòmasyon li kapab epi pa rate okenn okazyon.
- **Pa di non!** Pa voye ide ptit ou yo jete lè y ap reflechi sou karyè yo ta kab anbrase alavni. Si w reyaji negativman, sa kab bloke tout pwosesis komunikasyon an. Kite liy komunikasyon yo louvri pandan w ap ankouraje yo ranmase kantite enfòmasyon yo kapab sou yon karyè patikilye. Rechèch sa a kab bay rezulta ou te kab imajine anvan yo.
- **Sezi okazyon yo nan grenn cheve!** Diskisyon enfòmèl ak ptit ou sou mond travay la kab pwofitab anpil pou li. Pa rate "moman aprantisaj' sa yo lè w ap koze ak ptit ou.
- **Tanpri, fè yo plezi!** Objektif ou se montre timoun yo chemen lavi a. Pwosesis eksplorasyon karyè a se yon bèl fason pou praktike "bay gabèl." Lè w diskite enterè, rèv ak objektif yo, sa pèmèt ou konnen ptit ou pi byen. Epi, si apwòch pa yo ta yon ti jan depaman ak sa w ta renmen fè, sonje se "jan pa yo."
- **Sòti andedan bwat la!** Men yon chans ou genyen pou w jwe wòl ou kòm yon sosyològ oswa yon pwofesè pou w obsève, jwe, entèaji ak lòt moun. Sa ap ede w wè ptit ou yon lòt fason epi ba ou bon jan enfòmasyon pou ede yo anbrase yon karyè.

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Etap pou w fè lè w ap chwazi yon karyè

Pi bon fason pou w koumanse eksplorasyon yon karyè ak pitit ou se pale sou pwòp karyè pa w. Ki sa w fè nan travay ou? Ki desizyon ou te pran ki mennen w kote w rive la a nan karyè w? Jennmoun yo pa toujou enterese tandem par an ki koumanse ap pataje sajès yo ak yo. Kòm yon paran, ou vle fè kou w konnen pou gide pitit ou lè y ap pran desizyon ki va aji sou karyè, men, kesyon yo se: "Ki lè pou m koumanse?" ak "Ki kantite sa m gen pou m ofri?" Gen plizyè pwen kritik kote pitit ou ap bezwen asistans ou:

Ou kab koumanse diskite eksplorasyon yon karyè ak pitit ou depi lè I nan lekòl primè pou ede I devlope konfyans nan li ak priz konsyans sou karyè. Yon bon aktivite ou kab fè ak pitit ou, kèleswa laj yo, se diskite pwofesyon ou obsève chak jou ak ki sa travay sa yo kab egzije. Montre pitit ou pou yo gen sans responsabilite, montre yo enpòtans pou yo fin fè devwa yo depi yo tou pitit se teknik y a gen pou yo itilize pita kèleswa karyè yo va chwazi.

Pwoesisis pran desizyon pou chwazi yon karyè, jan nou detaye I pi ba a, enkli aktivite ki kab koumanse nan lekòl primè mwayen epi kontinye nan lekòl segondè ak nivo siperyè.

Ou kab ede pitit ou fè chak etap sa yo.

### Etap 1- Aprann plis bagay sou oumenm.

**Jennmoun** – Pran enterè ak evalyasyon abilité. Anpil lekòl ofri eleman sa yo nan nivo klas diferan. Aktivite adisyonèl yo enkli aprann plis sou valè w ak pèsonalite w jan yo asosye avèk travay. Ou kab aprann plis tou sou travay nan diferan anviwònman aplentan oswa kòm volontè ak vizite diferan lye travay. Vizite [www.flchoices.org](http://www.flchoices.org) pou revize divèses kalite aktivite sou pran konsyans tèt ou.

**Paran** – Ki moun ki konnen pitit ou pi byen pase w? Revize rezulta evalyasyon yo ak pitit ou. Diskite enterè ak rèv li yo pou ede I detèmine objektif li genyen pou avni I.

### Etap 2 – Identifie kèk posiblite

**Jennmoun** – Eksploré yon dal okipasyon nan yon seri domèn ki matche rezulta evalyasyon yo. Itilize kritè tankou nivo edikasyon, salè, kondisyon travay, elatriye, pou w redui lis la. Fè rechèch sou chak okipasyon ou jwenn ki enteresan.

**Paran** – Ede pitit ou eksploré yon seri opsyon. Diskite devwa ak tach diferan okipasyon. Revize opòtinité nivo siperyè ki kab enkli kolèj, kolèj kominotè, sant teknik, militè ak aprantisaj.

### Etap 3 – Evalye opinyon w yo.

**Jennmoun** – Konpare aspè negatif ak pozitif yo pou analize chak okipasyon. Ki kantite edikasyon w ap bezwen? Kouman ou pra I peye pou edikasyon w?

**Paran** – Ou menm tou ak pitit ou kab vle konsidere enplikasyon stildevi ak enpak jeneral sou lavi pou chak opsyon. Pa egzanp, èske djòb la pra I mande pou travay nan lè iregilye? Èske salè a ap kab sipòte stildevi pitit ou vle a? Ki kantite edikasyon pwofesyon an mande? Li enpòtan pou pitit ou a konsidere relasyon ki genyen ant stildevi, chwa yon pwofesyon ak pouosit akademik. Ede pitit ou konprann ak balanse diferans ant sa li vle ak sa li bezwen.

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Etap 4 – Fè yon chwa

**Jennmoun** – Deside sou yon domèn jeneral denterè. Gen anpil djòb ki pa egziste jodi a men ki kab vin egziste pi devan. Kidonk, li pi bon toujou pou w chwazi yon karyè olye yon w chwazi tèl pwofesyon espesifik. Panse sou kalite estil vi ou vle viv. Itilize nivo salè plizyè okipasyon pou prepare yon bidjè. Èske sa w pra l touche ap kab sipòte stildevi ou vle a?

**Paran** – Ankouraje pitit ou pou l eksploré yon seri domèn pou l fè yon karyè. Ekonomi, demografi ak teknoloji ap kontinye chanje mache travay la. Kèk djòb vin san valè pandan lòt nouvo djòb ap fè sifas. Gen kèk pwofesyon ki kab kenbe menm tit la, men yo kab chanje oswa evolye tèlman, yo pa sanble ankò ak sa yo te ye dizan pase. Kòm mache travay la kontinye ap chanje, li pra l pi enpòtan pou santre sou gwooup ki gen menm metye ak kouman yo kab transfere soti nan yon pwofesyon ale nan yon lòt. Ede pitit ou fè yon bidjè pou l konprann ki depans ki pra l kòresponn avèk yon revni mansyèl.

## Etap 5 – Kreye yon plan aksyon

**Jennmoun** – Fè plan aktivite yo epi devlope yon orè pou egzekite yo. Drese yon plan karyè ak edikasyon ak pa ou dwe fè pou w rive atenn karyè a. Chèche opòtinité pou travay moso tan, pou obèsavasyon nan travay, volontarya, ale nan reyinyon eksposizyon sou karyè ak lòt aktivite ki va ede w aprann plis sou lye travay la.

**Paran** – Gen kèk lekòl ki fè elèv yo acheve yon pwogram 4 ane detid pou lekòl segondè nan fen klas uityèm oswa bonè nan klas nevyèm. Planifikasyon ak òganizasyon bay avni pitit ou direksyon. Ankouraje pitit ou pou l pran kou enteresan ki gen anpil matematik ak syans. Si w poko koumanse mete sou pye yon plan epay pou kolèj, w ap bezwen investigé èd finansye ak bousdetid ki disponib yo. Nou ta dwe koumanse anvizaje èd finansye depi nan klas uityèm ane (ak planifikasyon finansye pandan ane primè elementè yo, si se pa pi bonè toujou.) Poukisa? Paske anpil bousdetid pra l baze sou pèfòmans ak kou ki obligatwa pandan ane lekòl segondè yo.

## Etap 6 – Fè yon aksyon

**Jennmoun** – Fè sèten ou respekte delè ou fikse yo. Revize objektif akoutèm ak alontèm yo epi fè sa w dwe fè pou w rive atenn yo. Pasemen sou plan w lan chak fwa gen bezwen pou sa.

**Paran** – Ankouraje pitit ou pou l respekte alalèt yon pwogram akademik serye nan lekòl la pou l bati yon fondasyon nan matematik, lekti, ekriti, teknik enfòmatik ak syans. Plis fondasyon an solid, se konsa ap gen plis opsyon pou anbrase yon karyè pita.

## Etap 7 – Revize ak rewè

**Jennmoun** – Depi nan klas 10yèm ane, ou te dwe déjà idantifye kèk opsyon pou sa w vle fè aprè ou fin fè etid segondè w. FCAT ap yon tès difisil ane sa a, men w ap gen tou pou w panse sou tès SAT oswa ACT a pifò kolèj mande kòm yon pati nan kalifikasyon pou admisyon. Ou kab jwenn preparasyon pou SAT gratis sou entènèt pa mwayen CHOICES PLANNER nan [www.flchoices.org](http://www.flchoices.org).

Kenbe plan karyè sa a tou pare. Ou kab fè eksperyans ak anpil chanzman apati klas uityèm pase nan chak klas segondè ki aji sou objektif ou te genyen anvan an. Fè ajisteman pandan w ap vanse.


**Paran** – Pandan pitit ou ap gen plis matirite epi ap fè plis eksperyans, enterè l yo kab chanje. Seleksyon kou nan lekòl segondè kab detèmine sa pitit ou pra l fè aprè gradyasyon li. Pa egzanp, si pitit ou vle ale kolèj epi li pa t pran kou obligatwa yo, kou ratrapaj kab vin yon nesesite. Ede pitit ou pran kou sa yo pou rete sou sa. Sonje tout plan ta dwe fleksib pou sizoka pitit ou a ta vle chanje kèk nan objektif li te genyen anvan yo.

## Mendèv ak chanjman nan lye travay yo

Nan lye travay 21èm syèk la, ouvriye yo ap bezwen pou yo pi byen edike pou yo kalifye pou nouvo djòb ak pi fleksib pou fè faskare avèk konesans k ap chanje plis egzijans djòb ki egziste deja yo. Menm ou menm paran k ap travay, ou kab pa rann ou kont enpak travay jounen jodi a ak tandans lye travay yo fè sou edikasyon pitit ou ak karyè k ap vin demen yo. Se chak jou nou tande nan nouvèl kouman biznis yo ap kriye fayit oswa fèmen, konpayi k ap revoke anplwaye, ranvwaye enpe moun, ak djòb yo menm transfere nan lòt peyi. Si nenpòt nan chanjman sa yo afekte w, ou deja konnen kouman mache travay la kab chaje ak konpetisyon. Gen yon bagay nou kab fè pari sou li, teknoloji, ekonomi ak pwoblèm sosyal yo ap kontinye chanje mache travay la.

## Chanjman nan kondisyon edikasyon

Pwojeksyon deja fèt, 65 pou san tout nouvo djòb k ap kreye vè 2012 pra l mande edikasyon ak fòmasyon ki depase nivo lekòl segondè, men se p ap yon degre kolèj. Tablo ki piba a montre kantite pwofesyon ki mande yon degre kolèj pa chanje depi 50 ane ki sot pase yo. Jounen jodi a ak alavni pra l genyen bon jan opòtinite pou jwenn djòb ki mande yon sètifikasi oswa yon degre asosye.




## Chanjman nan kondisyon pou teknik yo

Pandan de dènye deseni yo, metye moun te bezwen pou reyisi nan lye travay yo te chanje anpil. Teknik debaz tankou lekti, ekriti ak kalkil se yon obligasyon. Ladrès teknik yo enpòtan tou, men patwon yo rive rekonèt genyen yon lòt bwat teknik ki krisyal pou ede yon ouvriye travay "pi entèlijan enonpa travay pi di." Pisouvan, yo rele teknik sa yo "teknik maleyab." Kisa patwon yo di yon moun dwe fè pou reyisi? Yo vle anplwaye yo genyen:

- **Fleksibilite** – Adapte ak yon anviwònman travay k ap chanje kontrèman ak yon anviwònman travay ki estab
- **Rezoud pwoblèm** – Chèche solisyon pou pwoblèm enprevizib nan travay la olye yo refere pwoblèm enprevizib sa yo bay lòt moun.
- **Travay an ekip** – Bay pi bon rannman an ekip olye se pou kont yo san yo pa bezwen lòt moun
- **Toujou ap aprann** - Kontinye devlope talan yo pandan konpayi an ap chanje ak grandi olye yo rele konsantre antyèman sou devwa ak teknik espesifik travay y ap fè kounye a mande. Toujou pare pou aprann nouvo fason pou fè bagay yo vanse.

Kalite pèsonèl enpòtan yo se sans responsabilite, depandablite, ponktyalite, atitud, amoupwòp, sosyablite, metriz pèsonèl, ak onêtete. Sa yo se teknik yon moun devlope lakay, lekòl, ak lòt eskperyans ankò. Paran yo jwe yon gwo wòl nan ede timoun yo devlope atitud sa yo. Pa egzanp, ankouraje timoun ou yo pou yo aprann panse ak rezoud pwoblèm pou kont yo. Pa pran tout desizyon ni rezoud tout pwoblèm pou yo. Mete yo nan pwoesis la.

Anplis konekte teknik avèk lye travay la, chwazi yon disiplin oswa yon pwogram etid nan yon enstitusyon nivo siperyè kab kritik lè yon moun ap chèche yon djòb. Pa egzanp, chwazi yon disiplin ki gen rapò dirèk avèk pwofesyon ki sou "demand" espesifik kab rann li pi fasil pou jwenn travay. Etidyan ki nan branch sante tankou enfimri, terapi fizik ak radyografi gen plis chans pou yo jwenn travay ki gen rapò ak fòmasyon yo pase moun ki gen degre nan a liberal oswa syans sosyal. Fòmasyon sa yo kab pa pibon pase lòt disiplin, men gen avantaj nan chwazi disiplin sa yo.



# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Dyòb yo pi bezwen nan Florid

Konsidere reyalite mache travay sa yo:

- Patwon Florid yo vle moun ki pi byen prepare ak ouvriye ki gen plis teknik pandan ekonomi an kontinaye baze plis sou konesans pase sou pwodiksyon.
- Sèvis medikal, edikasyon, teknoloji sou enfòmasyon ak jeni se domèn ki pra l'genyen anpil opòtinite pou djòb.
- Sèvis pra l'kontinye kòm endistri ki pra l'vale plis teren ak jenere plis djòb jouk rive ane 2014.
- Karyè medikal yo domine lis karyè ki peye pi byen yo.

Genyen plizyè santèn klasifikasyon djòb nan eta Florid. Lis sa yo enkli anpil djòb ki gen gwo demand pou yo. Ou pra l'wè pifò nan "opòtinite" sa yo egzije yon sèten tip fòmasyon nivo siperyè. Menmsi gen kèk kolèj, genyen anpil pwogram tip sètifikasi nou jwenn nan yon sant teknik oswa nan yon kolèj kominotè ki kab kalifye yon moun pou admisyon nan menm domèn nan. Si w vle etidyé enfòmasyon sou mache travay nan Florid an detay, ale sou [www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org) epi klike sou LMI.

### Djòb ki egzije yon sètifikasi oswa yon degré asosye dezan

Tit nan pwofesyon an	SALÈ Mway./È	Nivo Edikasyon
Manadjè òdinatè ak sistèm enfòmatik	47.00	Degré Asosye
Enjenyè lojisyèl òdinatè, Aplikasyon	37.00	Sètifikasi
Espesyalis nan bay ankadreman pou òdinatè	33.00	Sètifikasi
Analis nan sistèm òdinatè	30.00	Degré Asosye
Manadjè konstriksyon	42.00	Degré Asosye
Administratè bank enfòmasyon	28.00	Degré Asosye
Ilyenis dantè	33.00	Degré Asosye
Analis finansye	29.00	Degré Asosye
Sapè ponpye	19.00	Sètifikasi
Dekoratè enteryè	24.00	Sètifikasi
Enfimyè pratik lisansye	17.00	Sètifikasi
Ofisyè pou prete moun lajan/Konseye	30.00	Degré Asosye
Administratè rezo ak sistèm enfòmatik	28.00	Sètifikasi
Analis sistèm rezo ak kominikasyon done	28.00	Sètifikasi
Paralegal ak asistan legal	20.00	Sètifikasi
Ofisyè patwoy polis	21.00	Sètifikasi
Espesyalis nan relasyon piblik	22.00	Degré Asosye
Enfimyè lisansye	25.00	Degré Asosye
Terapis pou respirasyon	21.00	Degré Asosye
Manadjè vant	49.00	Degré Asosye

**Sètifikasi** – Egzije fòmasyon espesyalize nan yon lekòl vakasyonèl oswa nan yon kolèj kominotè

**Degré Asosye** – Egzije diplòm 2 an kolèj.

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Djòb ki egzije katran oswa plis tan nan kolèj

TIT OKIPASYON	SALÈ Mway./È.	Nivo Edikasyon
Anestezyolojis	88.00	Degre Doktora
Achitèk	36.00	Degre Metriz
Administratè nan edikasyon, nivo Elementè ak segondè	41.00	Degre Metriz
Pwofesè lekòl primè elemantè	44,350.00*	Degre Bakaloreya
Enjenyè nan anviwònman	31.00	Degre Bakaloreya
Medsen fanmi ak jeneralis	77.00	Degre Doktora
Enjenyè nan sante ak pwoteksyon	46.00	Degre Bakaloreya
Entènis, jeneralis	90.00	Degre Doktora
Pwofesè jadandanfan	42,380.00*	Degre Bakaloreya
Avoka	51.00	Degre Doktora
Analis nan administrasyon	36.00	Degre Bakaloreya
Syantifik medikal	38.00	Degre Metriz
Obstetrisyen ak jinekològ	91.00	Degre Doktora
Terapet ègoterapet	28.00	Degre Bakaloreya
Pedyat	81.00	Degre Doktora
Konseye nan finans pèsònè	39.00	Degre Bakaloreya
Famasis	42.00	Degre Doktora
Terapet fizik	31.00	Degre Bakaloreya
Fizisyen ak chirijen	79.00	Degre Doktora
Pwofesè lekòl segondè	46,790.00*	Degre Bakaloreya

**Degre Bakaloreya** – Egzije diplòm kat ane kolèj owa inivèsite

**Degre Metriz** – Egzije fòmasyon piwo pase degre bakaloreya

**Degre Doktora** - Egzije fòmasyon avanse piwo pase yon degre metriz. Yo toujou konsidere I tankou premye degre pwofesyonèl, yon pwogram ki fòme etidyan yo pou yon pwofesyon espesifik ak kondisyon pou yo jwenn lisans. Kèk egzanp se: odontoloji (DDS, DMD), dwa (LLB, JD), medsin (MD) ak medsin veterinè (DVM).

\*Salè pwofesè yo varey daprè kontra ak è travay, ki fè kontra yo parèt tankou kontra pou an mwayèn 10 mwa. Salè yo baze sou edikasyon ak ane eksperyans.

**Salè pa è an mwayèn** – Se konsa yo peye nan tout eta a, kidonk, yo kab peye plis kèk kote nan eta a. Se pa nesesèman sa yo peye pou yon nouvèl pozisyon. Salè yo kab varey selon eksperyans, responsablite, rannman, kantite tan nan yon konpayi an patikilye, ak zòn jeyografik la.

### Sous

Florid Depatman Opòtinite Ekonomik, Estatistik Mache Travay



# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl


## Ki jan ou kab ede pitit ou prepare pou anviwònmán travay sa a k ap chanje a?

- Devlope yon plan pwofesyonèl ak edikatif nan nivo segondè ki gen ladan yon seri kou nivo segondè, gradyasyon ak plan pou edikasyon siperyè li.
- Devlope teknik pou itilize ak entèprete enfòmasyon k ap tonbe sou mache travay la ak fè pwojeksyon pwofesyonèl.
- Aprann konprann plis ou gen edikasyon, se plis li pi fasil pou jwenn travay disponib ou kab fè.
- Elaji kad eksplorasyon pwofesyonèl ou soti nan yon metye pou ale nan yon lòt branch travay.
- Konsantre sou devlope ak idantifye teknik ki kab sèvi nan plizyè dyòb alafwa.
- Devlope teknik pou chèche travay tankou aprann prepare kourikoulòmvite, chèche travay ak pase entèvyou.
- Chèche pranplis edikasyon ak eksperyans posib ki anrapò ak sa li enterese aprann kòm travay pandan li lekòl segondè toujou. Gen plizyè fason li kapab fè sa, tankou nan chwazi klas elektif li yo, nan aktivite ekstrakirikilè, volontarya, aprantisaj, entèna ak dyòb pattaym yo.

## Lavi aprè etid segondè yo

Ou kab ede pitit ou pran desizyon k ap bon pou I konsènan edikasyon ak trening li bezwen apre li fini klas segondè li. Timoun yo ta dwe okouran opòtinite travay ki disponib deyò a pou yo ak diplòm finisman etid segondè yo, ansam ak sa ki egzije pou yo aprann plis lekòl toujou yo. Yo prevwa rive ane 2012, ap gen plis pase 85 poustan tout dyòb yo k ap egzije pou moun gen plis pase yon senp nivo edikasyon segondè oswa trening.

Pandanstan gen plizyè faktè tankou enterè ak kapasite pou pran an konsiderasyon lè y ap chwazi branch pwofesyonèl yo, tablo ki pi ba a montre tank ou genplis edikasyon se tank ou gen chans touche plis kòb nan travay ou. Egzanp sa a ta dwe sèvi pou konpare fason timoun nan ta renmen viv lavi li demen. Ede pitit ou balanse yon bidjè apati mwayèn kòb I ap touche kòm salè nan yon branch travay li konsidere fè. Èske chwa travay li fè a ap pèmèt li viv kalite jan de vi li ta renmen viv la?



Remak: Sa yo se salè pou tout moun k ap travay nan yon domèn ki mande yon nivo edikasyon byen detèmine, se pa salè tout moun ki diplome oswa ki suiv trening awopriye pou sa. Gen anpil moun ki gen yon diplòm nivo metriz k ap travay nan yon pozisyon ki mande yon senp lisans inivèsité kòm diplòm. Nan sitiyasyon sa a, moun ki gen diplòm metriz la gen dwa ap touche plis pase lòt moun ki gen yon senp diplòm lisans yo alòske y ap fè menm travay la; konsa, sa lakoz salè mwayen pou pwofesyon ki mande lisans kòm diplòm yo vin siperyè pa rapò ak salè mwayen lòt pwofesyon ki mande pou diplòm metriz yo.

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Men yon lis kèk opsyon edikatif ou kab konsidere:

### Aprantisaj

Elèv yo kab aprann yon metye byen aprann nan konbine trening nan klas yo pran nan sant teknik yo ak pratik yo fè nan dyòb kote y ap touche a. Pi fò peryòd aprantisaj yo pran ant 2 ak 5 ane pou yo fin fèt nèt, tou depan branch metye a. Ale nan [www.fl DOE.org/workforce/apprenticeship/](http://www.fl DOE.org/workforce/apprenticeship/) pou plis enfòmasyon.

### Karyè militè

Gen senk branch nan karyè militè a: Lame, Navy, Air Force, Marines, ak Gadkòt. Fè sèvis militè kapab pèmèt ou jwenn plizyè avantaj edikatif. Gen plis pase 2.000 espesyalite travay pou pèsonèl militè a ak plis pase 1.500 dyòb pou ofisyé lame yo. Pami avantaj opòtinite sa yo, ou jwenn branch mekanik, elektwonik ak biznis. Gen anpil moun ki gen chans aprann plizyè teknik ak resevwa trening yo kapab transfere imedyatman an karyè pwofesyonèl pou fonksyone sou mache travay mond sil la.

### Karyè pwofesyonèl ak sant teknik yo

Elèv yo kapab kòmanse ap aprann plizyè nosyon pwofesyonèl depi nan nivo segondè ak kontinye resevwa trening nan yon sant karyè pwofesyonèl ak yon sant teknik. Pwogram yo varye nan kantite tan yo dire, epi klas yo kapab fèt ni lajounen ni lannuit. Anpil nou kou sa yo gen rapò ak yon seri pwogram aprantisaj. Nan plizyè branch, elèv yo soti ak sètifikasi nan yon domèn ekspètiz byen detèmine oswa yo gen tan prepare pou resevwa lisans nesesè pou domèn yo aprann nan.

### Kolèj


Kolèj kominotè yo gen yon latriye klas ak pwogram divès kalite. Pwogram sa yo kab boukle nan de zan oswa mwens pase sa. Gen kèk etablisman segondè ki pèmèt elèv yo pran yon seri klas doub pòte ki kab pèmèt yo reyalize kredi pou nivo kolèj an menm tan yo nan segondè a. Gen kèk elèv ki menm gen tan reyalize yon diplòm nivo ansèyman siperyè avan yo finietid segondè yo. Apre yo fin pran pwogram sa yo, pitit ou kapab kòmanse travay tousuit oswa kontinye edikasyon li nan nivo inivèsite.

### Inivèsite

Pi fò inivèsite yo ofri yon seri pwogram etid ki dire kat ane (diplòm lisans inivèsitè) ak anplis yon seri pwogram etid avanse ki rive nan nivo metriz oswa nan nivo doktora. Pi fò branch karyè pwofesyonèl yo mande omwen pou gen yon diplòm siperyè apre kat ane etid. Se sèlman 20 poustan travay ki egziste sou mache pwofesyonèl la ki mande pou gen yon diplòm lisans inivèsitè omwen pou kat ane etid.

### Eksperyans pwofesyonèl pratik

Pitit ou kapab resevwa trening aprann kèk teknik depi nan nivo segondè ki kab pèmèt li kòmanse travay tousuit aprè li fini lekòl songè li. Li gen dwa al travay tousuit apre nivo segondè li kòm yon opsyon, men sonje 85 poustan nouvo dyòb ki egziste yo ap mande pou gen yon nivo edikasyon ki siperyè ak nivo lekòl segondè li.




## Opsyon gradyasyon lekòl segondè

Nan Florid, elèv yo gen twa kalite pwogram gradyasyon yo kab chwazi antre pou jwenn yon diplòm finisman etid segondè nòmal:

- pwogram tradisyonèl 24 kredi a
- pwogram preparatwa 18 kredi pou kolèj ki dire twa zan an
- pwogram preparatwa pwofesyonèl 18 kredi ki dire twa zan an

Tou lè twa pwogram opsyon gradyasyon sa yo bay opòtinite suiv yon seri kou akademik solid pou prepare elèv la pou pwochen chwa akademik oswa pwofesyonèl I ap gen pou fè alavni. Epitou, tout elèv anjeneral, kèleswa opsyon gradyasyon yo chwazi adopte a, dwe reyalize yon nivo mwayèn jeneral byen detèmine sou yon maksimòm 4,0 ak fè mwayèn yo pou egzamen FCAT la pou rive gradye ak yon diplòm nòmal. Pou plis enfòmasyon sou chak pwogram opsyon gradyasyon sa yo, tanpri konsilte rakò elektwonik pou gradyasyon nan lekòl segondè ki nan sit entènèt Depatman Edikasyon an nan [www.FACTS.org](http://www.FACTS.org)



# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Kòmanse pran kredi kolèj yo bonè

**Plasman avanse (AP):** Kou sa yo disponib nan 23 matyè. Li nesesè pou fè yon nivo pwen byen detèmine kòm nòt nan egzamen AP yo pou kab resevwa kredi valab pou kolèj.

**Bakaloreya entènasyonal (IB):** Elèv yo kab rive gen tan reyalize jiska 30 kredi pou nivo kolèj yo si yo pase egzamen bakaloreya entènasyonal la yo. Se Depatman Edikasyon an ki detèmine mwayèn nòt elèv yo dwe fè pou pase egzamen yo ak ki matyè elèv yo dwe resevwa kredi pou li.

**Pwogram enskripsyon doub nivo:** Depi li kalifye, pitit ou ta dwe konsidere posibilité pran kèk kou nivo kolèj oswa vokasyonèl pandan li nan segondè a. Enskripsyon doub nivo a se yon pwogram ki pèmèt elèv nan nivo segondè yo reyalize kredi ki valab pou nivo kolèj oswa nivo vokasyonèl pou kab rive reyalize swa yon diplòm siperyè, yon sètifikasi oswa yon degré inivèsité nan yon enstítisyón piblik nan Florid la. Sa ap konte tou kòm kredi pou li jwenn diplòm finisman etid segondè li. Konseye akademik ki nan lekòl yo kapab fè w jwenn enfòmasyon sou kritè kalifikasyon yo.


**Pwogram egzamen nivo kolèj (CLEP):** Pwogram sa a pèmèt elèv yo fè yon seri kredi pou kolèj nan egzamen y ap pran pou yon seri matyè oswa sjè jeneral. Yon kolèj oswa yon inivèsité gen dwa aksepte jiska yon maksimòm 45 kredi pou egzamen CLEP.

**Pwogram enskripsyon alavans:** Elèv nivo segondè ki kalifye yo kapab enskri a plen tan nan kolèj oswa nan inivèsité pandanstan y ap resevwa kredi ni pou nivo segondè ni pou nivo inivèsité an menm tan.

## Enpresyon paran yo sou èd finansyè

Èske kantite depans ki gen pou fèt nan edikasyon siperyè yo fè sa parèt enposib pou pitit ou yo? Gen plizyè fason ou kapab sipòte opsyon kolèj ak lòt desizyon pitit ou kab pran apre li fini klas segondè li. Gen èd finansyè ki disponib pou chak gress moun k ap viv nan Florid. Sa kab ede peye pou trening aprè lekòl segondè ak menm pèmèt ou ale nan lekòl ki pi chè a. Avan ou kòmanse anvizaje opsyon pou jwenn èd finansyè yo, men kèk enfòmasyon ou dwe konnen:

- Lajan èd finansyè soti nan kès gouvènman federal ak nan leta, nan bank yo, nan lekòl yo ak kèk donatè prive.
- Se ou ki dwe aplike pou èd finansyè. Sa pa fè pati metòd admisyon lekòl la.
- Èd la baze sou plizyè faktè tankou revni fanmi an, frè eskolè, nivo akademik, etsetera.



# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Kèk mit konsènan èd finansye

### Kolèj koute twò chè

Malgre se vre pri pou peye kolèj vin pi chè, sa toujou rte yon bon evstisman pou lavn. Kèlkeswa fòm edikasyon siperyè a, pa sèlman edikasyon nan kolèj, se paspò pou jwenn bon opòtinite pwofesyonèl.reprezanteWhile it is true that college costs are rising, it is still a good investment for the future. All postsecondary education, not just a college education, is the ticket to good career opportunities. Manyèl enfòmasyon preliminè pou paran yo bay anpil sijesyon pou jwenn fason pou peye pou edikasyon. Pitit ou li menm kapab toujou eseye fè bon nòt lekòl li kòm kontribisyon pa li pou ede peye kolèj li. Bon nòt li fè kab ede li kalifye pou jwenn bousdetid pwogram Florida Bright Futures la.

### Nou fè twòp lajan pou kalifye pou èd

Èd la se pou pèmèt elèv ki nan divès kalite sitiyasyon finansyè kapab rive ale nan kolèj. Responsab èd finansyè yo pa sèlman konsidere revni lajan an, men yo konsidere tou si genlòt moun nan fanmi an ki nan kolèj, ipotèk kay k ap peye ak lòt depans k ap fèt yo. Gen anpil fanmi ki panse yo te fè twòp kòb ki rive jwenn èd. Anplis, ou kab anvizaje prete kòb ak ti enterè ak mande pitit ou pou aplike pou bousdetid yo sou baz randman akademik li, talan li, merit li oswa lòt kritè ankò.

### Tout nòt elèv la se “A” sèlman, sa fè li pa p jwenn èd

Pi fò bousdetid yo gade sou nòt elèv, men se sitiyasyon ekonomik elèv yo pi fò èd federal ki bay yo baze.

### Pitit mwen pa kab ale nan lekòl prive

Sa ki pi enpòtan an se chwazi lekòl ki kab satisfè bezwen akademik, pwofesyonèl ak pèsonèl pitit ou. Apre sa w ap konsidere konbyen sa koute. Alòske lekòl prive yo pi chè pase lekòl publik yo, kontribisyon yo mande pou paran yo peye a se menm bagay. Konsa, tank depans pou fè lekòl la pi chè, se tank ou gen plis chans pou pwouve ou bezwen èd finansyè toutbon.

## Divès kalite èd finansyè

**Bousdetid** – Èd ki baze sou pèfòmans akademik ak/oswa bezwen finansye. Lajan sa a pa bezwen remèt. Pwogram bousdetid Bright Futures nan Florid la gen plizyè nivo prim li bay ki kab peye jiska 100 poustan lajan ekolaj la ak tout frè eskolè yo pou ale nan yon enstitisyon publik nan Florid la ak tout montan ekivalan an pou yon enstitisyon prive. Elèv yo kab al vizite [www.FACTS.org](http://www.FACTS.org) sou entènèt la pou fè konparezon ant relve nòt yo ak kondisyon akademik bousdetid Bright Futures la egzije yo.

**Prè** – Lajan ki prete ak yon to enterè ki pa akimile oswa ki pa egzije pou kòmanse peye pou remèt li toutotan elèv la pa fini ak lekòl la, paegzanp: Federal Stafford, lajan federal pou prete paran elèv ki poko fin fè kolèj yo (PLUS), Federal Consolidated Loan, enpren federal konsolide.

**Alokasyon** – Èd finansyè ki pa bezwen remèt. Montan alokasyon an baze daprè bezwen, kantite sa ap koute pou ale lekòl la ak kondisyon enskripsyon yo.

**Travay pandan etid** – Se lajan etidyan an rive fè nan yon ti travay a tan pasyèl yo ba li pandan l ap frekante enstitisyon siperyè a. Elèv yo kab travay jiska 20 èdtan chak semèn pandan ane akademik la.

**Èd privé** – Èd finansyè ki soti nan antrepriz prive ak lòt òganizasyon yo. Gen plizyè konpayi nan kategori Fortune 500 yo ki ofri èd pou etidyan yo.

**Èd espesyal** – Gen èd pou yon seri gwoup elèv espesyal tankou veteran yo minorite yo, andikape yo, elatriye. Depatman Federal Afè Veteran yo gen fon disponib pou trening veteran yo.

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Se chwazi bon moman an ki tout!

Planifikasyon bonè ak rechèch se kritik findingsources nan financialaid. Aplikasyon pou admisyon yo ta dwe voye nan kòm byen bonè Oktòb oswa Novanm nan ane Senior ptit ou a. Aplikasyon pou èd federal dwe soumèt nan mwa janvye. Genyen bous detid lòt ki pral gen dat limit aplikasyon differan. Pifò elèv-étidyan ki resevwa èd jwenn yon kombinezon, mete tèt yo ansanm nan yon "pake" financialaid pa officeat a financialaid lekòl la oswa nan kolèj yo te chwazi yo. Lekòl segondè konseye yo tou konesans sou èd finansye epi yo ka ede elèv yo mete ansanm aplikasyon pou yon varyete de bous detid.

## Zouti rechèch pou èd finansye

### [www.flFKRIFHV.RUJ](http://www.flFKRIFHV.RUJ)


Florida CHOICES PLANNER– Sistèm enfòmasyon pwofesyonèl ki disponib pou tout moun nan Florid.

### [www.floridastudentfinancialaid.org](http://www.floridastudentfinancialaid.org)

Sa a se sit entènèt Florida Office of Student Financial Assistance, ofis èd finansye pou elèv nan Florid la ki bay enfòmasyon tou sou pwogram bousdetid Bright Futures la.

### [www.fafsa.ed.gov](http://www.fafsa.ed.gov)

Gade la a pou jwenn yon aplikasyon gratis pou èd federal pou etidyan (FAFSA) pou kòmanse demach aplikasyon pou èd finansye a.



## Kesyon yo toujou ap poze

### **Ki sa devlopman karyè pwofesyonèl vle di ak ki enpòtans li?**

Devlopman karyè pwofesyonèl se yon demach pou lavi diran ki kòmanse apati laj kat ane. Li mande pou gen yon sans konsepsyón ak konsyantizasyon pèsònèl, motivasyon pwofesyonèl ak sans eksplorasyon, aprantisaj pou deside, akizisyon teknik travay ak planifikasyon pwofesyonèl. Devlopman karyè pwofesyonèl mande pou moun nan gen yon sans valè, enterè, pèsonalite, aptitud ak ladrès entèpèsònèl.

### **Èske se mwen ki ta dwe di pitit mwen ki pwofesyon mwen panse k ap pi bon pou li?**

Nou kab ede timoun yo pou konprann pwòp tèt yo ak sipòte yo, men se yo ki ta dwe fè pwòp chwa yo.

### **Mwen pa gen okenn eksperyans nan afè oryantasyon pwofesyonèl. Èske mwen pa ta dwe senpman kite sa sou kont lekòl la?**

Se paran yo ki gen plis enflyans sou enterè, kwayans, valè, konesans, ak konsepsyón pèsònèl pitit yo. Ankouraje ak sipòte domèn ki enterese li ak talan li genyen. Paran yo kab enspire sans respè timoun nan pou nenpòt kalite travay ak travayè. Fè sèten ou pale tou sou pwòp travay w ap fè a. Ede pitit ou fè eksperyans yon seri aktivite k ap mete li ankontak ak divès kalite travay diferan.

### **Ki jan mwen kab ankouraje devlopman pwofesyonèl pitit mwen?**

1. Paran yo enflyanse fason timoun yo wè pwòp tèt yo. Si yo jwenn ankourajman nan sa ki enterese yo, timoun gen plis chans devlope enterè sa yo plis toujou.
2. Ede yo anvizaje yon seri pwofesyon pou yo kapab aprann plis toujou sou sa yo renmen ak sa yo pa renmen nan divès kalite aktivite travay.
3. Ankouraje enterè ki pa menm ak enterè pa w. Pa dekoraje pitit ou sou sèten domèn, menm si se yon domèn ki pa enterese ou oswa ou pa ta renmen eseye adopte ou menm.
4. Li pa nesesè pou paran yo ap lonje dwèt sou pwen fèb yo. Sa fè timoun yo pa panse twò byen de pwòp tèt pa yo. Kite yo dekouvrir pwòp fòs yo ak pwòp feblès yo pou kont yo.

### **Ki jan mwen kab reprezante yon bon egzanp pou pitit mwen nan devlopman pwofesyonèl li?**

Pran fyète nan travay w ap fè a ak nan fason ou kontribiye nan fanmi ou ak nan kominate ou. Si posib, kite timoun yo vin vizite ou nan travay ou. Gen anpil travay ki gen yon jou jou espesyal yo chwazi pou kite paran yo mennen pitit fi yo oswa pitit gason yo nan travay ak yo.

### **Oke, mwen konprann enpòtans planifikasyon karyè pwofesyonèl. Ki kote pou m kòmanse?**

Konsyans pèsònèl ta dwe premye etap kle pou fè desizyon pwofesyonèl yo. Idantifikasiyon enterè, eksperyans travay, aprantisaj pratik, menm obsèvasyon sou chantye moun k ap fè yon travay detèmine kapab ede pitit ou aprann wè sa li renmen ak sa li pa ta renmen fè kòm metye. Idantifye sa ki enterese li kapab ede li wè avèk plis presizyon sa ki enterese li ak rapò sa genyen ak pwofesyon li ta renmen aprann nan. Pwofesyon ki gen plis rapò ak sa ki enterese li yo ta kapab bay plis satisfaksiyon pèsònèl.

### **Ki jan pitit mwen kab detèmine kapasite li?**

Kapasite vle di aktivite mantal oswa fizik yon moun kab fè fasil. Sa pa vle di nesesèman se tout sa w konnen, men sa vle di kapasite ou genyen pou byen fè yon seri aktivite detèmine. Pafwa, plis edikasyon konn ede w ogmante sou kapasite w genyen deja. Idantifye kapasite ou ap ede detèmine domèn ou gen pwen fò ladan yo pou konpare yo ak sa yon pwofesyon done kab egzije kòm konpetans. Souvan, lekòl yo konn gen program aptitud vokasyonèl pou sèvis militè (ASVAB) yo fè elèv nan 10yèm ane segondè yo pran. Alòske program sa a konn ede moun k ap rekrite jèn pou al nan sèvis militè yo, rezulta ASVAB konn sèvi tou pou pèmèt konseye akademik yo ede elèv yo egzamine divès kalite opsyon yo kab jwenn pou chwazi yon metye.

### **Kòman pitit mwen kab aprann yon seri teknik pou ede prepare li pou travay?**

Teknik yo se aktivite moun aprann oswa devlope swa nan lekòl ak/oswa nan resevwa trening pou sa. Kou edikasyon teknik ak pwofesyonèl pitit ou pran kòm elèv nan klas segondè li yo kapab sèvi pou ede li devlope teknik sa yo ak gen eksperyans pou fè yon travay. Ti dyòb a tan pasyèl yo tou kapab ede li pran eksperyans sa a tou. Tout dyòb mande pou gen yon seri aktivite oswa tach byen detèmine pou moun nan

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

fè, epi chak tach sa yo mande pou moun nan gen divès kalite kapasite teknik. Teknik yo ap kontinye og-mante amezi y ap avanse nan lavi a.

## Ki sa ki valè yo?

Valè yo se tout prensip moun itilize pou detèmine enpòtans yo bay yon seri bagay nan lavi a. Paegzanp, si ou bay tan pèsonèl pou pwòp tèt ou anpil enpòtans, konsa yon travay ki mande pou vwayaje souvan oswa pou w travay pandan wikenn gen dwa pa enterese w twòp. Si w pa vle travay ki gen anpil presyon ak danje ladan, ou gen dwa pa enterese fè metye polis oswa ponpye. Si ou se moun ki kwè anpil nan prestij, ou gen dwa chèche jwenn yon travay ki ap fè moun gade w kòm moun ki enpòtan oswa k ap respekte w.

## Ki jan mwen kab kontribye nan teknik pwofesyonèl ak valè pitit mwen dwe akeri yo?

Fè pitit ou konprann travay tout moun ap fè enpòtan ak nesesè nan sosyete a. Montre yo enpòtans sans responsabilite, onè, diyite ak efò moun fè nan travay yo genyen pou lasosyete ak pou respè pwòp tèt pa yo. Ti ttravay nan kay, volontarya ak dyòb a tan pasyèl kapab ede jèn yo devlope karakteristik sa yo. Kalite eksperyans sa yo anseye sans responsabilite, kapasite desizyonèl ak reyalize konsekans chwa ki fèt yo genyen nan lavi moun.

## Èske timoun mwen yo ta dwe konnen ki sa yo deside fè depi avan yo gen tan ap gradye nan etid segondè yo?

Li pa etranj pou wè yon jèn ki gen 18 tan poko konnen ki sa li vle deside fè kòm pwofesyon pou lavi li. Li pi bon pou li si lite kab rive konprann tèt li dabò, yon fason pou li kab konsidere plizyè kalite pwofesyon ki gen rapò ak sa ki enterese li. Estatistik yo montre moun ki ant 18 ak 36 zan yo apwoksimativman chanje pwofesyon omwen 10 fwa. Jeneralman, se evalye nou evalye chwa nou fè yo, epi si nou santi nou pa satisfè ak yo, nou deside fè koreksyon. Chwa pwofesyonèl moun fè pa toujou rete pèmanan.

## Ki jan mwen kab ede pitit mwen konprann enpak chwa pwofesyonèl li fè genyen sou fason li vle viv?

Èske pitit ou ta renmen gen yon vi kote I ap vwayaje souvan, gen bèl machin, gwo kay ak anpil lòt byen pèsonèl? Si wi, I ap enpòtan pou li chwazi yon pwofesyon ki kab sipòte kalite vi sa a li vle genyen an. Enfòmasyon sou mache travay la bay tout nivo salè yon moun kab touche, men daprè pwofesyon li genyen an, motivasyon yon moun kapab ede li detèmine potansyèl li genyen pou fè lajan. Li toujou pi bon pou yon moun deside depi byen bonè sa li ta renmen reyalize nan lavi li ak fason li ta renmen viv lavi li demen.

## Pa janm gen okenn moun nan fanmi mwen ki ale nan kolèj, epoutan nou tout anfòm. Pou ki sa mwen ta dwe ankouraje pitit mwen ale nan kolèj?

Ssans ak teknoloji lakoz gen yon pakèt dyòb k ap disparèt ak menm chanje sa ki te la deja yo. Timoun nou yo bezwen plis edikasyon ak konesans teknik pase jenerasyon ki te la avan yo. Si yo gen trening ak edikasyon, yo kab menm rive depase nivo pwogrè nou menm nou te fè avan yo.

## Tifi mwen an vle aprann chapantye oswa ta renmen travay nan yon domèn konstriksyon kèlkonk.

### Mwen wè kalite travay sa a plis fèt pou gason pito. Ki konsèy mwen ta kab ba li?

Se yon ansyen kwayans ki vle fè konprann gason gen yon seri aktivite yo fè pi byen epi gen yon seri lòt fi fè pi byen. Konsepsyon sa a lakoz nan tan pase yo te konn mete fi yo an dezyèm pozisyon nan yon seri bagay ak peye yo mwens kòb pase gason pou yon seri dyòb yo te konn ap fè ki konn mande pou yo gen menm nivo edikasyon ak gason. Tan an chanje paske ou jwenn fi kou gason nan tout domèn san distenksyon sou mache travay la. Paegzanp, ou jwenn anpil fi ki se elektrisyèn, plonbye, chapantye menm jan ou jwenn ladan yo ki doktè, avoka, ak ajan bousye. Yon lòt bò, nou jwenn gason k ap chwazi yon seri metye fanm te konn abitye ap domine ladan yo tankou enfimyè, Asistan Administratif ak kosmetolojis.

Li pi enpòtan pou aprann yon metye ki enterese li oly pou limite chwa pwofesyonèl li akoz sèks li.

## Ki kalite resous ki sèvi nan lekòl yo pou jwenn enfòmasyon sou pwofesyon yo?

Depatman Edikasyon Eta Florid sipòte CHOICES PLANNER ([www.flchoices.org](http://www.flchoices.org)), yon pwogram eksplorasyon pwofesyonèl ak edikatif pou planifye karyè elèv ap chwazi. Gen evalyasyon ki disponib sou entènèt la konsènan kapasite, valè, ak teknik ki kab transfere. Rezulta evalyasyon sa yo kapab konekte ak pwofesyon, pwogram etid ak lòt lekòl nivo siperyè. Pi fò lekòl nan Florid yo itilize pwogram CHOICES sa a ak elèv yo. Mande pitit ou yo si yo abitye ak pwogram CHOICES la. Si yo pa konnen li, ale sou entènèt

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

la pandan ou lakay ou oswa ale nan yon bibliyotèk minisipal oubyen yon lòt kote ou kab jwenn yon konpitè ki kab konekte sou entènèt la pou itilize pwogram sa a ansanm. Sa se yon bon mwayen ou kab itilize pou kòmanse planifye/monte yon pòtfolyo ki kab genyen enfòmasyon ki soti nan rezulta evalyasyon an, pou fè rechèch sou karyè pwofesyonèl ak opòtinite edikatif, tabli objektif, ak fè plan egzak pou atenn objektif sa yo. Gen yon dividal enfòmasyon pou elèv kab wè tankou teknik eksperyans travay pratik, teknik pou pase entèvyou ak fason pou redije yon bon kourikoulòmvite. Anplis, ou kab jwenn materyèl didaktik pwofesyonèl nan bibliyotèk lekòl piblik ak bibliyotèk legliz yo. Si w kapab jwenn yon konpitè pou itilize, gen yon dividal sit entènèt ou kab vizite pou fè rechèch. Fè sèten ou konnen ki moun ki konseye akademik oswa konseye pwofesyonèl pitit ou nan lekòl li a. Yo menm tou, yo kab separe enfòmasyon sa yo avèk ou.

## Ki jan pitit mwen kab eseye aprann diferant pwofesyon?

Se yon bòn ide pou pitit ou ta kab "eseye" aprann divès kalite branch metye. Lopital yo, bibliyotèk yo, legliz yo, asosyasyon sivik ak pwofesyonèl yo, yo tout gen yon dividal opòtinite pou moun ki vle fè volontè. Gen plizyè lekòl segondè ki ofri pwogram tankou aprantisaj pou jèn, Tech Prep, preparasyon teknik, ansanm ak aprantisaj pratik nan yon dyòb. Gen kolèj ak inivèsite ki kapab ofri pwogram koperatif ak entèna. Dyòb tanporè oswa a tan pasyèl yo kapab ede tou pou pèmèt pitit ou fè eksperyans divès kalite branch pwofesyon ki genyen yo.

## Pou ki sa pitit mwen bezwen eseye plizyè branch nan yon domèn? Èske finalman se pa yon sèl dyòb I ap kapab pran desizyon fè?

Timoun yo kapab konprann se nan yon sèl branch yo kab fè karyè pwofesyonèl yo, epi si branch karyè sa a pa yon reyisit pou yo, yo gen dwa santi anyen pa mache pou yo oswa yo pran echèk nan lavi a. Gen plizyè kalite branch differan ki mande pou moun aprann menm nosyon yo ak menm teknik travay yo. Si gen yon branch kèlkonk ki atire enterè yo ak kapasite yo, y ap kapab jwenn plizyè pwofesyon nan branch sa a ki kab enterese yo ak ki tonbe daplon pou yo.

## Lekòl pitit mwen an egzije paran yo pou asepte siyen yon pwogram etid kat ane nan lekòl segondè.

### Ki jan mwen kab ede pitit mwen fè yon seri chwa nan lekòl li ki kab itil li nan devlopman karyè?

Ankouraje li pran yon seri kou matematik, syans ak lang. Kou sa yo egzijib pou pi fò kolèj epi y ap pèmèt pitit ou gen plis opsyon nan chwa karyè I ap fè alavni. Ankouraje pitit ou chwazi plizyè kalite matyè nan kou I ap pran yo. Li kab itil tou pou planifye yon seri kou travay k ap ede prepare oryantasyon pwofesyonèl li. Anplis, ankouraje li pran yon seri kou elektif ki gen rapò ak domèn ki enterese li yo. Gen plizyè kou pwofesyonèl ak teknik ki kab ede li devlope teknik I ap bezwen pou evolye kèlkeswa branch karyè li deside chwazi a.

## Ki kalite enfòmasyon nou bezwen rasanble konsènan pwofesyon yo?

Poze kosyon konsènan yon seri sijè ki enpòtan pou pitit ou. Men kèk egzanp ou kab itilize pou kòmanse oryante li:

- Ki travay yo fè nan pwofesyon sa a? Èske travay ki pou fèt yo mande pou enterese, gen teknik, ak yon seri valè ki menm ak pa m yo?
- Ki nivo edikasyon sa mande? Ki kote mwen kab jwenn kalite fòmasyon konsa? Ki jan mwen kab fè pou peye pou jwenn kalite edikasyon sa a? Èske m ap bezwen fòmasyon resiklaj tout tan pou m kab kenbe pwofesyon sa a?
- Ki avni ki gen nan branch karyè sa a?
- Ki jan travay sa a mande pou moun abiye yo?
- Ki lè travay nòmal ki gen nan travay sa a? Èske gen orè fleksib ki disponib? Èske m kab fè travay sa a pandan mwen chita lakay mwen?
- Èske travay sa a mande pou moun vwayaje?
- Ki posiblite pwomosyon ki gen ladan?
- Ki garanti retrèt ak asirans sante ou kab jwenn nòmalman nan kalite travay sa a?
- Konbyen moun kab fè nan travay sa a?
- Ki kalite konpayi ki anplwaye moun pou travay sa a?
- Èske m ap bezwen al rete lòt kote pou m jwenn travay sa a?

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## “Pou jèn ki gen bezwen espesyal yo”

Si w gen yon pitit fi oswa yon pitit gason ki gen bezwen espesyal akoz yon andikap kèlkonk li genyen, gen rezon pou reflechi plis toujou sou sa. Li enpòtan pou jèn ki gen bezwen espesyal yo ansanm ak paran yo jwenn bon enfòmasyon pou kapab pèmèt yo pran bon desizyon atravè sistèm edikatif la. Gen kèk elèv ki gen yon andikap kèlkonk yo ki gen yon “Plan akomodasyon 504” ki montre li nesesè pou gen yon seri akomodasyon espesyal ki garanti ekite pou yo. Elèv ki gen bezwen espesyal ki nan sistèm lekòl la (ESE) gen yon plan edikatif endividyle (IEP) ki detaye pwogram edikatif elèv la ak tout akomodasyon, klas espesyal, sèvis ak sipò nesesè ki bay yo pou garanti elèv la jwenn yon edikasyon ekitab nan lekòl leta yo (FAPE). Gen enfòmasyon (tankou gid ak bwochi) pou fanmi yo ki disponib nan ofis Edikasyon pou elèv espesyal yo ak nan sant enfòmasyon global sèvis elèv yo nan adrès entènèt [www.fl DOE.org/ese](http://www.fl DOE.org/ese).

### Akomodasyon ak Modifikasyon yo

Elèv ki gen andikap yo kapab bezwen yon seri akomodasyon ak/oswa yon seri modifikasyon pou kab jwenn aksè nan pwogram lekòl yo. Akomodasyon yo ajiste fason yo anseye oswa yo teste elèv yo. Modifikasyon yo chanje rezulta yo oswa fason yo te pwograme pou elèv la aprann nan.

### Opsyon diplòm

Gen kèk elèv ki gen andikap ki kalifye pou resevwa yon diplòm espesyal finisman etid segondè yo (opsyon 1 oswa opsyon 2) si yo pa kapab satisfè kondisyon pou resevwa diplòm nòmal yo. Jèn ki gen andikap yo ak tout fanmi yo merite resevwa enfòmasyon sou opsyon diplòm sa yo menm jan ak nivo limitasyon yo genyen yo. Desizyon ki pran sou kalite diplòm y ap resevwa yo gen enpak sou edikasyon yo ak posiblite travay yo genyen alavni. Enfòmasyon aktyèl yo dwe sèvi pou pèmèt jèn sa yo ansanm ak fanmi yo kapab deside fè bon chwa.

### Motivasyon pèsonèl/Angajman pèsonèl

Li enpòtan pou elèv ki gen andikap kèlkonk yo devlope kapasite yo atravè motivasyon pèsonèl ak devouman pèsonèl yo. Men jan paran yo kab ede jèn yo devlope kapasite sa yo:

- ba yo opòtinite pran pwòp desizyon pa yo nan divès sikontans detèmine
- ankouraje yo patisipe nan reyinyon IEP ak Plan 504 yo ak objektif pou yo dirije reyinyon sa yo
- ede yo konprann enpòtans pwòp idantite pèsonèl yo (paegzanp, antanke moun ki gen yon andikap) ak mande pou jwenn akomodasyon/sèvis si nesesè
- tandé yo ak ede yo nan plan y o genyen pou lavni yo.

### Gwo atant

Li enpòtan pou w nouri gwo atant ak ede pitit ou devlope talan li ak travay pou li atenn objektif li tabli pou tèt li. Gwo espwa (ki jwenn sipò ak ankourajman) mennen pi gwo akonplisman. Men tou, mank anbisyon kapab gen efè negatif (jèn yo kab pa menm eseye oswa yo “lage sa”).

### Evite vye kwayans yo

Gen anpil posiblite pou lavni nan tout domèn lavi yo, kit se edikasyon ak travay. Moun ki gen andikap yo gen yon dividal chwa ak akomodasyon yo kab jwenn ki disponib pou yo si yo bezwen. Kidonk, fanmi yo ta dwe ede konsèvè posiblite opsyon sa yo nan evite vye pawòl, aktivite, travay ak nan planifikasyon avni pitit yo.

### Modèl ak aprantisaj travay

Èske pitit ou gen yon moun ki sèvi li modèl ki gen yon andikap? Èske pitit ou a konn patisipe nan trening pou yon metye kote li pase tan ak yon anplwaye ki gen yon andikap nan yon branch ki enterese li? Kalite aktivite konsa yo pèmèt pitit ou jwenn opòtinite fè rankont ak yon seri moun enpòtan ki andikape men ki fè anpil pwogrè nan yon branch pwofesyonèl ki enterese li. Jèn yo kab aprann sou kalite edikasyon ak eksperyans nesesè yo mande nan plizyè branch metye ansanm ak tout akomodasyon disponib ki sèvi kote y ap fè travay sa yo.

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## Konpayi ki bay sèvis yo

Gen plizyè konpayi ki bay sèvis pou granmoun ki gen andikap tankou, Divizyon Reyabilitasyon Vokasyonèl, Ajans pou Moun ki Andikape yo ak Divizyon Sèvis pou Avèg yo ki kab bay sèvis sipò tankou chèche travay pou ou, antrènman pwofesyonèl ak teknoloji asistiv. Si pitit ou pa youn nan kliyan yo aktyèlman, epi si li ta bezwen asistans yo, enskri nan konpayi apwopriye sa yo pi vit posib ou kapab pou resevwa sèvis yo (gen ladan yo ki gen yon lis datant).

## Ajans enfòmasyon pou kontakte:

Divizyon Reyabilitasyon Vokasyonèl, <http://www.rehabworks.org>, 800/451-4327 (Voice/TDD)

Ajans pou Moun ki Andikape yo, <http://apd.myflorida.com> (gade nan entènèt la pou jwenn telefòn yo ak kote ofis yo lokalize)

Divizyon Sèvis pou Avèg, <http://dbs.myflorida.com>, 800/342-1828; 850/245-0300

## Lòt ankò/Rezime

Paran yo se kolaboratè ki enpòtan anpil nan pwosesis devlopman pwofesyonèl la. Reprezantan distri lekòl yo, sant teknik vokasyonèl yo, olèj kominotè yo, inivèsite yo ak konpayi ki bay sèvis yo se kolaboratè ki enpòtan tou nan divès etap konsyantizasyon, eksplorasyon ak plasman pwofesyonèl.

## Nan kesyon ede pitit ou chwazi karyè pwofesyonèl yo...

**Florida CHOICES** fè afè planifye lavni an vin fasil!.

[www.flchoices.org](http://www.flchoices.org)

### Florida CHOICES ap:

- Identife talan yo kab genyen nan yo kounye a
- Dekouvri sa ki enterese yo ak sa yo kapab fè
- Detèmine ki sa ki gen valè pou yo nan yon travay
- Konpare enterè ak bezwen yo parapò ak
  - Plis pase 650 pwofesyon
  - Plis pase 7000 etablisman ansèyman siperyè
  - Plis pase 2000 opòtinite bousdetid
- Fason pou bati yon kourikoulòmvite
- Aprann teknik pou chèche travay
- Ak anpil lòt bagay ankò

# Manyèl pou Paran yo sou chwa karyè pwofesyonèl

## LIS PARAN YO – Yon douzèn bagay ou ta dwe fè!

Gid pou paran an gen ladan anpil enfòmasyon ak tikonsèy sou fason pou ede pitit ou deside sou edikasyon li ak chwazi karyè pwofesyonèl li. Lis ki pi ba a se rezime yon seri bagay ou kapab fè pou ankouraje pitit ou nan planifye karyè li lakay ak nan lekòl li.

- Pale sou travay ou ak pitit ou. Esplike li ki jan ou te fè chwazi branch karyè sa a, ki sa w renmen ak ki sa ou pa renmen nan dyòb ou a, epi kisa ou ta kab fè pou deside pi byen sou karyè ou.
- Revize rezulta evalyasyon vokasyonèl pitit ou te pran lekòl li a.
- Fè sèten pitit ou te eksploré yon seri pwofesyon pandanli lekòl la oswa lè li lakay la nan pwogram CHOICES PLANNER sou entènèt la nan [www.flchoices.org](http://www.flchoices.org).
- Ede pitit ou tabli kèk objektif akoutèm oswa alontèm.
- Fè ti pale tanzantan ak pitt ou konsènan ki metye ki enterese li. Pa blye kontak ak divès branch karyè oswa divès konpayi kote moun travay kapab devlope oswa chanje sa ki enterese li.
- Ede pitit ou chwazi yon seri kou k ap ede li prepare pou pwofesyon li vle chwazi a ak pou edikasyon siperyè li.
- Tabli gwo anbisyon pou pitit ou nan devwa I ap fè pou klas li ak nan lòt aktivite ekstrakirikilè.
- Ankouraje pitit ou planifye ki sa li pral fè aprè etid segondè li, kit se pou al nan yon sant teknik vokasyonèl, kolèj komunitè oswa nan inivèsite. Majorite fiti travay k ap genyen yo ap egzije pou moun gen yon nivo edikasyon ki plis pase nivo segondè.
- Kòmanse ekonomize lajan pi bonè posib ou kapab pou kab ede peye edikasyon siperyè pitit ou.
- Chèche anvizaje opsyon bousdetid ak èd finansye ki disponib yo. Mande konseye pedagojik lekòl la pou separe enfòmasyon konsènan bousdetid leta yo ak lòt sous lokal èd finansyè ki genyen yo.
- Chèche aprann kondisyon admision kolèj yo ak metòd aplikasyon pou èd finansyè yo nan [www.FACTS.org](http://www.FACTS.org).

Toujou kenbe liy komunikasyon yo ouvri ak pitit ou. Planifye karyè pa yon senp konvèrsasyon ki fèt yon sèl fwa sèlman.

**Men sit entènèt nou te konsilte pou devlope enfòmasyon ki nan gid sa a:**

[www.fl DOE.org](http://www.fl DOE.org) Depatman Edikasyon Eta Florid

[www.floridajobs.org](http://www.floridajobs.org), Biwo Estatistik Afè Travay

[www.acrnetwork.org](http://www.acrnetwork.org) Rezo Resous pwofesyonèl Ameriken, Resous Leta pou Paran yo

**Dokiman sa a se pwodiksyon:**  
Florida Department of Education  
Division Career and Adult Education  
325 W. Gaines St. Suite 714  
Tallahassee FL 32399